

PROGRAM NO: 296

MRANTASI EKSIM UTAWI PENYAKIT KULIT / MBIKAK MANAH

Salam

Sedherek ingkang dipun sihi dening gusti,
Sugeng pepanggihan malih wonten ing adicara Cahyaning agesang, kados pundi kawontenan panjenengan dinten menika? Menapa pajenengan tetep sehat, tetep saget makarya kanthi sae, lan gesang panjenengan maedahi tumrap tiyang sanes? Pangajeng-ajeng kula kawontenan panjenengan kados makaten, maedahi tumrap tiyang sanes, kanthi makaten tiyang-tiyang ingkang wonten ing kiwa tengen panjenengan, saget ngaturaken panuwun atas kawontenan panjenengan. Kula ibu lilis ngaturaken sugeng midhangetaken adicara menika.

Sedherek.

Ing perangan ingkang sepindah, kados ing padatan kula badhe ngaturaken katrangan ingkang wonten sambung rapetipun kaliyan kesarasaning badan, lan dinten menika kula badhe ngaturaken katrangan ngengingi penyakit Eksem lan cara ngaqwekani. mangga dipun pidhangetaken.

Sedherek.

Ing wekdal jawah, hawa asrep utawi sakbibaripun nedha tetedhan tartamtu, kala -kala kulit kraos gatel lan bintul-bintul, Saget ing suku, tangan, lan mbok bilih badan sak kojor, raosipun gatel sanget, menawi dipun kukur malah sakit lan gatelipun tansaya ndadra. Dipun togaken mboten kiyat gatelipun, dikum toya anget mawi sarem radi sekeca nanging menawi dipun entas lajeng gatel malih. Saksampunipun kalih dinten, lajeng ngemu toya bening, menawi dipun kukur pecah lan perih. Dokter asring mastani sakit Eksem, setunggaling penyakit kulit ingkang dipun sebabaken dening alergi.

Tamtunipun ing manah panjenengan tuwuh pitakenan “penyakit eksem iku penyakit kulit sing kepiye”?

Pamiyarsa, ing pepanggihan menika kula badhe ngaturaken katrangan ngengingi penyakit Eksem lan cara ngawekani, katrangan menika kula waos saking setunggaling waosan. Ing waosan menika dipun serat mekaten, penyakit Eksem menika benten kaliyan sakit ghudik, kadhas, lsp. Penyakit Eksem kasebabaken dening efek alergi, utawi mboten tahan kaliyan sawenehipun tetedhan. Saben tiyang alreginipun benten-benten, wonten ingkang alergi/ mboten tahan neda sawenehipun ulam seganten, saget alergi bledug, alergi tigan, kacang-kacangan, alergi hawa asrep, alergi kosmestik lsp. Kanthi makaten caranipun nambani, kejawi nambani gatelipun ugi ngawekani faktor ingkang nuwuhaken alergi kalawau.

Dene gejala/ tandha-tandhanipun saben tiyang ugi benten-benten, wonten ingkang mrintis-mrintis kulitipun, wonten ingkang mlepuh, lajeng wonten ingkang mlenthung alit ngemu toya. Nanging menawi sampun infeksi mlepuh, lan mlenthung saget ngemu nanah, lan langkung sakit. Saksampunipun pecah lan toyanipun medal, saget saras piyambak, tanpa dipun obati. Nanging kulit dados mbesisik. Sanajan saget saras piyambak tanpa dipun obati, nanging menawi sampun infeksi, saget nemen lan kedah dipun tambani kanthi bener.

Eksem sanes penyakit ingkang nular, nanging saget nurun, amargi sipat saking alergi kalawau.

Eksem pancen saget saras piyambak tanpa dipun obati, nanging penyakit Eksem menika mboten saget saras babar pisan, jalaran saking faktor alergi kalawau, nanging Eksem saget dipun atasi supados mboten asring kimat, dene caranipun ngatasi kados makaten:

Inggang wigati ngendhani faktor ingkang nuwuhaken alergi. Menawi alergi ulam seganten, nggih mboten dhahar ulam seganten, menawi alergi kacang-kacangan nggih mboten usah dhahar kacang-kacangan lsp. Dados kedah dipun titeni napa-napa ingkang murugaken alergi. Wonten tetedhan-tetedhan tartamtu ingkang saget nuwuhaken alergi/ eksem kimat, kadosta tigan, susu, dele, ulam laut lsp. Lajeng tetedhan ingkang kathah gajihipun, ugi kedah dipun kirangi, amargi tetedhan ingkang kathah gajihipun lan inggil proteinipun saget nuwuhaken Eksem. Lajeng tetedhan ingkang dipun awetaken ugi perlu dipun sirik. Langkung sae kathah dhahar sayur lan buah.

Lajeng caranipun ngatasi menawi sampun nandhang Eksem:

1. Amargi eksem menawi dipun kukur sansaya ndadra, pramila ampun dipun kukur. Menawi gatel saget dipun olesi salep ingkang saget kangge ngirangi gatel, saget mundhut ing apotik. Utawi saget ugi ngunjuk obat anti gatel/ alergi. Menawi dereng mendha kedah enggal priksa dhateng dokter.
2. Njagi daya tahaning badan, kanthi olah raga, istirahat ingkang cekap, nedha tetedhan ingkang bergizi, lan, ngunjuk vitamin.
3. Njagi karesikaning badan, kanthi cara siram ingkang resik, paling sekedhik kaping kalih sedintenipun, lajeng wijik mawi sabun.
4. Inggang wigati nyirik tetedhann ingkang murugaken eksim kimat.

Pamiyarsa.

Penyakit Eksem, mboten nular lan saget saras piyambak, nanging saget kimat lan raos gatelipun saget ngganggu kersananing badan, pramila menika njagi supados badan mboten ngantos kenging penyakit menika wigatos sanget, kados sesanti nyegah langkung sae tinimbang ngobati. Makaten pamiyarsa mugi katrangan menika maedahi ing gesang panjenengan.. Nuwun.

Sedherek.

Selajengipun kita badhe sesarengan kaliyan ibu Arin, ingkang badhe ngaturaken gegilutan, adedasar pangandikanipun Gusti. Mangga dipun piyarsaaken

Mbikak Manah

Sedhèrèk kula, satunggaling tiyang èstri ingkang wetengipun sangsaya ageng nyariosaken ngéngingi gesangipun. Piyambakipun sampun mataun-taun dipuntilaraken rabinipun, kaleresan piyambakipun mboten nggadhah yoga, dados piyambakipun namung gesang piyambakan kémawon. Wetengipun sangsaya dinten sangsaya ageng. Piyambakipun sampun priksa dhateng puskesmas, lan dipunnyatakaken nandhang tumor weteng/rahim lan kedah dipunoperasi. Tiyang èstri menika tamtu kemawon mboten purun operasi karena mboten nggadhah arta kanggé wragatipun, lan ugi ajrih menawi kedah nglampahi operasi. Temah tumoripun sangsaya ageng, lan tiyang èstri menika èstu sangsara. Namung kanthi operasi minangka margi kanggé mendhet tumor ingkang sampun ageng sanget menika. Cara sanès mboten badhé ngribah kasangsanipun tiyang èstri menika.

Para tangginipun ingkang welas-asih wekasanipun ngempalaken arta kanggé mbiyantu wragat operasi tiyang èstri menika. Arta ingkang kakempalaken kanyata ngelangkungi saking wragat ingkang dipunbetahaken, karena kathah LSM (Lembaga Sosial Masyarakat) ingkang ugi mbiyantu. Sakmenika arta kanggé operasi sampun cumawis, kantung kewantunan tiyang èstri menika kanggé nglampahi operasi. Kanthi bujuk-rayu lan pitutur saking para tanggi, wekasanipun tiyang èstri menika wantun nglampahi operasi. Wetengipun dipunbikak, lajeng tumoripun dipun-edalaken. Operasinipun lumampah kanthi saé, lan saksampunipun ngaso sakwetawis dinten wonteng ing griya sakit, tiyang èstri menika dipun-idinaken wangsul.

Gesang tanpa tumor ngribah margining gesang tiyang èstri menika, sakmangké piyambakipun milai medamel, inggih menika sadéan tetedhan ing griyanipun. Piyambakipun sampun saged mlampah lan éwah kanthi saé tanpa kapalangi/kacandhet déning tumor ingkang ageng ing wetengipun. Menawi tiyang estri menika mboten sumadya dipun-operasi, piyambakipun badhé tetep sangsara, lan tumoripun sangsaya ageng lan mboten saged nindakaken menapa-menapa.

Sedhèrèk kula, mbok menawi sakmangké badan kita mboten kadunungan tumor ingkang nyandhet badan kita kanggé éwah lan medamel. Sakmangké mboten wonten satunggal penyakit menapa kémawon, badan kita seger-waras kémawon, nanging badan kita lungkrah, ringkih lan mboten wonten kekajengan kadosdéné tiyang ingkang saweg nadhang sesakit ingkang seru. Manah kita keraos awrat utawi nggrantès kadosdéné kairis péso, manah kita ugi nggeget kebak kaliyan dhendham lan serik. Kawontenan manah kita ingkang kados mekaten menika ingkang nglumpuhaken gesang kita. Sadinten-dinten kita namung lenggah kèndel nggagas kanthi lebet, nggetuni dhiri, ngempalaken daya

nanging mboten lajeng kiyat. Kita kadosdéné satunggalipun tiyang ingkang saweg kaserang déning kangker ingkang èstu seru, kamangka badan kita séhat.

Kita mboten mbetahaken operasi kanggé nyarasaken manah kita. Kita mboten mbetahaken tetamba/obat-obatan menapa kémawon kanggé mulihaken manah kita ingkang remuk. Satunggal-satunggalipun ingkang saged kita tindakaken, inggih menika mbikak manah kita. Nedahaken sedaya penyakit ingkang wonten ing saklebetipun manah kita dhumateng Gusti, lan nyenyuwun dhumateng Gusti supados mundhut sedaya ingkang awon ing saklebeting manah kita.

Ingkang adamel penyakit ing manah kita sangsaya seru, inggih menika kita langkung nutupi lan nyimpen, temah sangsaya dinten sangsaya awrat. Kenging menapa kala-kala kita mboten purun mbikak manah kita lan ngedalaken sedaya penyakit ingkang wonten ing lebetipun manah kita; kados ta, serik dhendham, pangigit-igit, lan sanès-sanèsipun. Padatanipun kita ajrih menawi Gusti pirsá menapa ingkang wonten ing saklebeting manah kita. Kita ugi mboten kepingin sinten kémawon sumerep, menawi kita sangsara awit karana manah kita dipunkebaki déning kathah bab ingkang awon. Nanging sangsaya kita tutupi lan dhelikaken, kita badhé sangsaya sangsara. Kasangsaran ingkang kita sandhang karana manah kita dipunkebaki déning bab-bab ingkang awon, ingkang badhé adamel gesang kita mboten bagya lan tiyang sanès ugi tumut sangsara.

Pethakaken menawi kita satunggaling semah lan satunggaling ibu, ingkang nggadhahi kathah bab ingkang awon ing lebetipun manah kita, ingkang nglumpuhaken gesang kita, menawi kita lumpuh lan mboten saged nindakaken menapa-menapa, pramila kita ugi badhé sangsara. Menawi kita medamel, pramila kita ugi badhé ngapitunanaken/ngrugèkaken perusahaan utawi panggènan kita medamel.

Kangge nyarasaken manah ingkang awon, mboten mbetahkan tiyang sanès kanggé ngempalaken arta, supados mbiyantu kita nglampahi operasi. Utawi kita mboten prelu pados dhokter ahli kanggé nyarasaken manah kita ingkang awon. Ingkang saged kita tindakaken, inggih menika mbikak manah kita sakwiyar-wiyaripun lan nedahaken isinipun manah kita dhumateng Gusti. Sanadyana Gusti pirsá sedaya isinipun manah kita, Gusti karsa supados kita ugi sumerep menapa kémawon ingkang wonten ing saklebeting manah kita, lan menapa kémawon ingkang sampun kita tindakaken lan murugaken menapa kémawon. Kita prelu matur dhumateng Gusti sedayanipun, menapa kémawon ingkang wonten ing saklebeting manah kita.

Kénging menapa kita prelu mbikak manah kita dhumateng Gusti? Karana, namung Gusti ingkang saged ngresiki sedaya ingkang awon ing lebeting manah kita. Namung Gusti ingkang saged mitulungi kita kanggé ngresiki manah kita ingkang awon. Nanging Gusti mboten badhé ngresiki, menawi kita mboten purun mbikak manah kita. Bilih kita mbikak manah kita lan matur dhumateng Gusti menapa kémawon ingkang sampun kita tindakaken, pramila Gusti badhé énggal-énggal ngasta ngurus kita.

Sedhèrèk kula, Prabu Dawud kanthi tinarbuka nyenyuwun dhumateng Gusti, supados ngresiki manahipun saking dosa. Prabu Dawud ngendika kados mekaten:

Mazmur 51 : 3-9

51:3 Dhuh Allah, kawula mugèni Paduka welasi, awit saking sih-kadarman Paduka. Mugèni kersa nglebur dosa kawula, awit saking agenging sih-kadarman Paduka.

51:4 Kalepatan kawula sedaya mugèni Paduka singkiraken, dosa-dosa kawula mugèni Paduka lebur sedaya.

51:5 Margi kawula piyambak sampun ngrumaosi ing panerak kawula, lan kawula tansah ngudi ngawonaken dosa kawula.

51:6 Enggèn kawula damel dosa menika dhumateng Paduka, inggih dhumateng Paduka piyambak; kawula nglampahi ingkang awon ing paningal Paduka. Putusan Paduka menika pancèn leres lan pakuman Paduka menika mila adil.

51:7 Wiwit lair mila kawula sampun awon; wiwit wonten ing wetenganing biyung kawula, kawula sampun nandhang dosa.

51:8 Saèstu ingkang Paduka kersakaken menika katemenan ingkang terus ing batos, lan Paduka paring seserepan dhateng kawula ing salebeting manah.

51:9 Kawula mugèni Paduka resiki saking jejembering dosa kawula srana hisop, mugèni Paduka edusi supados dados pethak nglangkungi salju.

Sedhèrèk kula, menika kalawau donganipun Prabu Dawud. Piyambakipun mbikak sedaya isining manahipun dhumateng Gusti. Piyambakipun ngendika lan ngakèni sedaya ingkang wonten ing lebeting manahipun, lan nyenyuwun dhumateng Gusti supados manahipun karesiki. Karana Prabu Dawud ènget, namung Gusti piyambak ingkang saged ngresiki lan nyucèkaken manahipun. Kenging menapa kita kedah nyucèkaken manah kita? Kénging menapa kita kedah ngresiki manah kita? Karana Gusti rena ing penggalih dhateng tiyang ingkang manahipun suci. Gusti Yésus ngendika: **Matius 5 : 8 Begja wong sing resik atiné; awit bakal wanuh marang Gusti Allah.**

